# Урысейм и МЧС

Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжыныгъэм я IуэхухэмкIэ, къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм защыхъумэнымрэ апхуэдэхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжынымкIэ и министерствэ

# ФЭБЖЬ ЗЫГЪУЭТАХЭМ
# ЯПЭ ДЭIЭПЫКЪУНЫГЪЭ ЗЭРЫРАТЫР

## Гу зылъытапхъэхэр

ЦIыхубэм хуэунэтIа гу зылъытапхъэхэр.

**Насыпыншагъэ зэхуэмыдэхэм фэбжь хэзыха, гын зэмылIэужьыгъуэхэм я зэран зэкIа, зи узыншагъэмрэ гъащIэмрэ сэкъат езыхын узыфэ къызэфыкIхэм япэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыратым теухуа мы тхыгъэр ягъэхьэзыращ ди хэкумрэ хамэ къэралхэмрэ щагъэунэхуа хабзэхэм япкъ иткIэ. Фэбжь зыгъуэтахэм япэ дэIэпыкъуныгъэ зэрырат щIыкIэхэм зыщыгъэгъуэзэн е къэпщытэжыным хуэунэтIащ гу зылъытапхъэ тхыгъэхэр.**

© ФГБУ «ЦЭПП МЧС РОССИИ», 2024

# ФЭБЖЬ ЗЫГЪУЭТАХЭМ ЯПЭ ДЭIЭПЫКЪУНЫГЪЭ ЗЭРЫРАТЫР

## ГУ ЗЫЛЪЫТАПХЪЭХЭР

Москва, 2024

**Япэ дэIэпыкъуныгъэр цIыхум и гъащIэр къегъэлынымкIэ псынщIэу зэфIах къызэрыгуэкI Iуэхугъуэхэрщ. Абы и мурад нэхъыщхьэр – и гъащIэм шынагъуэ къезыт щытыкIэм цIыхур къиишыныр щ, къищынэмыщIауэ, нэгъуэщI фэбжьхэр къызыхэкIынкIэ хъуну щытыкIэхэр къэмыгъэхъунырщ. Япэ дэIэпыкъуныгъэр цIыхум ирахыфынущ насыпыншагъэм кърихьэлIахэмрэ къезыгъэл IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэмрэ. Абы папщIэ ахэм хащIыкIын хуейщ япэ дэIэпыкъуныгъэ зэрырагъэкIуэкIым икIи зыхуеину Iэмэпсымэхэмкlэ къызэгъэпэщауэ щытын хуейщ. Фэбжь зыгъуэтауэ дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэм нобэрей гъащIэм къигъэув хабзэхэм къезэгъыу а дэIэпыкъуныгъэр зэрырат щIыкIэхэм теухуа тхыгъэм аращ щIэупщIэ щIиIэр.**

**Гу зылъытапхъэ мы тхыгъэр ягъэхьэзыращ Фэбжь зыгъуэтам япэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыратым теухуауэ Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм иубзыхуа хабзэхэм тету.**

**Ар къызэгъэпэщащ япэ дэIэпыкъуныгъэр зэрырат Iэмалхэм тещIыкIа сурэтхэмкIэ.**

*Урысей Минздравым и «Узыншагъэр хъумэныр къызэгъэпэщынымрэ информатизацэмкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт нэхъыщхьэ» аккредитацэ-симуляцэ методическэ IуэхущIапIэм и унафэщI, «Япэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ урысей зэгухьэныгъэ» ООО-м и унафэщI, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Дежурный Леонид Игоревич.*

**ЯПЭ ДЭІЭПЫКЪУНЫГЪЭР** – ар цІыхум и гъащІэр къегъэлынымкІэ псынщІэу зэфІах къызэрыгуэкІ Іуэхугъуэхэрщ. Абы и мурад нэхъыщхьэр – и гъащІэм шынагъуэ къезыт щытыкІэм цІыхур къишынырщ, къищынэмыщІауэ, нэгъуэщІ фэбжьхэр къызыхэкІынкІэ хъуну щытыкІэхэр къэмыгъэхъунырщ.

УФ-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм 3.05.2024 гъэм къыдигъэкІа «ЦІыхухэм япэ дэІэпыкъуныгъэ егъэгъуэтынымкІэ» (УФ-м ЮстицэмкІэ министерствэм 31.05.2024 гъэм щыпхагъэкІа №78363-м) унафэ №220-м ипкъ иткІэ, цІыхум игъуэта фэбжьым къегъэлыным ехьэлІауэ Іуэхугъуи 9 щыІэщ. Ар дэтхэнэ зыми зригъэщІэну хуэфІэкІынущ.

## ИкІэщІыпІэкІэ цІыхум дэІэпыкъун щыхуей щытыкІэхэр:

1.ЦІыхур мэхауэ зищІэжыркъым.
2.Бауэркъым, и лъыр зекІуэркъым.
3.И пэм е и тэмакъым зыгуэр инауэ имыгъэбауэмэ.
4.Лъы щІэкІмэ.
5.УІэгъэ нэрылъагъу игъуэтамэ, химие гын гуэрым, электрокъарум, пщтыр гуэрым, мафІэм и зэран къекІамэ.
6.Гыным и зэран къекІамэ.
7.Хьэпщхупщ къедзэкъамэ, къеуамэ.
8.Техьэгъуэ иІэмэ, абы игъэмэхамэ.
9.И гур изудын гуэрым зэтрихуамэ.

## ФЭБЖЬ ЗЫГЪУЭТАХЭМ ЯПЭ ДЭІЭПЫКЪУНЫГЪЭР ЗЭРЫРАТ ЩІЫКІЭХЭР:

1.Фэбжь зыгъуэтам япэ дэІэпыкъуныгъэр щепт щІыпІэм шынагъуэ зэрыщымыІэр зэгъащІэ.

2.Фэбжь зыгъуэтам лъы щІэкІрэ щІэмыкІрэ зэгъащІэ. Лъы фІэкІуэду къэпхутамэ, ар къызэрагъэувыІэ Іуэхугъуэхэр егъэкІуэкІ.

3.Фэбжь зыгъуэтар псэурэ мыпсэурэ къащІэ.

4.И бэуэкІэмрэ и гум и лэжьэкІэмрэ зэфІэгъэувэж искусственнэу зэрагъэбауэ, гур зэрашытІэ ІэмалхэмкІэ.

5.Фэбжь зыгъуэтар зэпэплъыхь, насыпыншагъэр къызэрыхъуар зи нэгу щІэкІахэм щІэупщІэ. УІэгъэ нэрылъагъу игъуэтамэ, гыным, электрокъарум, пщтыр гуэрым, мафІэм и зэран къекІамэ, и гъащІэм зэран къыхуэхъун гуэр щыІэрэ щымыІэрэ зэгъащІэ.

6.УІэгъэ нэрылъагъу зэригъуэтам, гыным, электрокъарум, пщтыр гуэрым, мафІэм и зэран къекІамэ, и гъащІэм зэран къыхуэхъун гуэр зэрыщыІэм елъытауэ япэ дэІэпыкъуныгъэ егъэгъуэт.

7.Фэбжь зыгъуэтам нэхъапэІуэкІэ дохутырым хущхъуэ хуитхамэ, ар зрихьэлІэнымкІэ дэІэпыкъу.

8.Фэбжь зыгъуэтар тыншу гъэгъуэлъ.

9.ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм къеджэ, нэхъапэІуэкІэ зыри къемыджамэ, гужьеигъуэ имыхуэн папщІэ сымаджэм и щытыкІэм кІэлъыплъ, гъэІэпхъуэн хуеймэ гъэІэпхъуэ, дэІэпыкъуэгъу псынщІэм яІэрыгъэхьэ, сымаджэщым шэ.

21.11.2011 гъэм къыдэкІа УФ-м и 31-нэ Хабзэм ипкъ иткІэ, Урысейм и дэтхэнэ цІыхури хуитщ Фэбжь зыгъуэтам япэ дэІэпыкъуныгъэ иритыну, ар абы хэхауэ хуагъэхьэзырамэ, (е) апхуэдэ зэфІэкІхэр иІэмэ. КъищцынэмыщІауэ, Уголовнэ, Административнэ, Граждан кодексхэм я «Іэмалыншагъэ дыдэ» статьяхэм фэбжь зыгъуэтам япэ дэІэпыкъуныгъэ езыта цІыхур яхъумэ, Фэбжь зыгъуэтар япэ дэІэпыкъуныгъэ щритым лІамэ, е имыщІэу зыгуэркІэ зэран хуэхъуамэ.

# ПСАЛЪАЩХЬЭХЭР

Сымаджэхэмрэ фэбжь зыгъуэтахэмрэ япэ дэIэпыкъуныгъэ щраткIэ нэхъапэ игъэщыпхъэ Iуэхугъуэхэр. 11

Сымаджэхэмрэ фэбжь зыгъуэтахэмрэ япэ дэIэпыкъуныгъэ зэрырат Iуэхугъуэхэр. 12

1. Насыпыншагъэр къыщыхъуа щIыпIэр къызэрапщытэ, шынагъуэ зыпылъ Iуэхугъуэхэр зэрагъэкIуэд. Фэбжь зыгъуэтахэр зэрагъэIэпхъуэ щIыкIэр. 14

1.1. Фэбжь зыгъуэтар автомобилым е зылъэIэсыгъуей щIыпIэм къызэрырахыр. 15

1.2. Фэбжь зыгъуэтар зэрагъэIэпхъуэ хабзэхэр. 16

2.Фэбжь зыгъуэтар зэрызэпаплъыхь щIыкIэхэмрэ лъы уэру щыщIэкIым деж ирахьэлIэ япэ дэIэпыкъуныгъэр 19

3.ЦIыхум укъызэрищIэр, езыр-езыру зэрыбауэр зэрызэхагъэкI хабзэр. 24

4.Гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр 25

4.1.Бгъэчыр хэкъузэныр зэрырагъэкIуэкIыр. 25

4.2.ЦIыхур къэгъэбэуэжыным хуэунэтIауэ зэрыдэIэпыкъу щIыкIэр. 27

4.3.Автоматикэ дефибриллятор къызэрагъэсэбэпыр. 27

4.4.ЩIыхум и пэм, и къурмакъейм ар зымыгъэбауэм кIуахэр къызэрырахыж щIыкIэхэр. 29

5.Фэбжь зыгъуэтам зэрыпкърыуупщIыхьымрэ къызэраплъыхьымрэ. 31

6.УIэгъэ зыгъуэтам, температурэшхуэм, химие гыным фэбжь хэзыхам, хьэпщхупщ зэуам, хьэкIэккхъуэкIэ зэдзэкъам зэрыдэIэпыкъу щIыкIэхэр 32

6.1.УIэгъэ хъуам ират япэ дэIэпыкъуныгъэ. 32

6.1.1.Щхьэм удын щигъуэтам деж ират япэ дэIэпыкъуныгъэ. 32

6.1.2.Нэмрэ напIэхэмрэ фэбжь щагъуэтам деж япэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыратыр. 33

6.1.3.Зи пэм лъы къижым ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 34

6.1.4.Зи пщэм фэбжь игъуэтам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 35

6.1.5.Зи бгъэчыр уIэгъэ хъуам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 35

6.1.6.Зи ныбэр уIэгъэ хъуам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 37

6.1.7.Зи Iэхэмрэ зи лъакъуэхэмрэ фэбжь ягъуэтам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 39

6.2.Емызэгъын зыIухуам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 41
6.2.1.Гын зыжьэдзэзышам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 41
6.2.2.Гыныр и жьэмкIэ зыIухуам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 42
6.2.3.Зи нэхэм фэбжь ягъуэтам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 43
6.3.МафIэм исам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 44
6.4.Хуабэм (дыгъэм) я зэран зэкIам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 46
6.5.ЩIыIэм и зэран зэкIам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 48
6.6.Зи Iэпкълъэпкъыр зэрыщыту пIыщIам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 49
6.7.Электрическэ ток зэуам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 49
6.8.Щхъухьзехьэ блэ зэуамрэ псэущхьэ зэдзэкъамрэ ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 51
6.8.1.Блэ зэуам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 51
6.8.2.Гъудэ-бадзэхэр зэдзэкъам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр. 52

**6.9.Къэмэхам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр.** 53

**6.10.Гууз техьэгъуэр къызыщыхьам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр.** 53

**7.Фэбжь зыгъуэтам нэхъапэIуэкIэ дохутырым хущхъуэ хуитхауэ иIэмэ, ар зрихьэлIэнымкIэ дэIэпыкъу.** 54

**8.Фэбжь зыгъуэтам и Iэпкълъэпкъыр нэхъ зыгъэтыншыну щытыкIэ къыхузэгъэпэщыныр.** 55

**9.Фэбжь зыгъуэтам гужьеигъуэр зэрыдаIыгъыр** 56

# СЫМАДЖЭХЭМРЭ ФЭБЖЬ ЗЫГЪУЭТАХЭМРЭ ЯПЭ ДЭІЭПЫКЪУНЫГЪЭ ЩРАТКІЭ НЭХЪАПЭ ИГЪЭЩЫПХЪЭ ІУЭХУГЪУЭХЭР:

1.ЯпэщІыкІэ зэгъащІэ уэри фэбжь зыгъуэтами зыми шынагъуэ къызэрывимытыр.

2. Фэбжь зыгъуэтар къызэпэплъыхь. Лъы къижу къэплъагъумэ, ар къэгъэувыІэ.

3. Фэбжь зыгъуэтам укъищІэрэ укъимыщІэрэ зэхэгъэкІ.

**УКЪИЩІЭМЭ:**

5.Фэбжь зыгъуэтар къызэпэплъыхьи, удын игъуэтамэ, дыркъуэ хьэлъэ телъмэ, хьэпщхупщ къеуамэ, хьэкІэкхъуэкІэ къедзэкъамэ, мафІэм исамэ, ток къеуамэ, гын Іухуамэ зэгъащІэ.

6.Фэбжь зэригъуэта щІыкІэм теухуауэ (удын игъуэтамэ, дыркъуэ хьэлъэ телъмэ, хьэпщхупщ къеуамэ, хьэкІэкхъуэкІэ къедзэкъамэ, мафІэм исамэ, ток къеуамэ, гын Іухуамэ) япэ дэІэпыкъуныгъэ ет.

7.Фэбжь зыгъуэтам нэхъапэІуэкІэ дохутырым хуитха хущхъуэр зрихьэлІэнымкІэ дэІэпыкъу.

8.Зи узыншагъэм сэкъат зыгъуэтар тыншу гъэгъуэлъ.

**УКЪИМЫЩІЭМЭ:**

4.И бэуэкІэмрэ и гум и лэжьэкІэмрэ зэфІэгъэувэж искусственнэу зэрагъэбауэ, гур зэрашытІэ ІэмалхэмкІэ.

9.Медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэр е нэгъуэщІ къулыкъухэр къэсыху, фэбжь зыгъуэтам и щытыкІэм кІэлъыплъ, психологие и лъэныкъуэкІэ зыщІэгъакъуэ. Медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и гупыр къэса нэужь, фэбжь зыгъуэтар абыхэм яІэрыгъэхьэ, я упщІэхэм жэуап ети, пхуэфІэкІ псомкІи защІэгъакъуэ.

# Сымаджэхэмрэ фэбжь зыгъуэтахэмрэ япэ дэIэпыкъуныгъэ зэрырат Iуэхугъуэхэр:



1.ЯпэщIыкIэ зэгъащIэ уэри фэбжь зыгъуэтами зыми шынагъуэ къызэрывимытыр. Медицинэ Iэлъэхэмрэ маскэрэ къэгъэсэбэп. Дыркъуэ зыгъуэтахэм я бжыгъэр къащIэ, уадэIэпыкъуну уэзрыхьэзырымкIэ хъыбар ягъащIэ. Фэбжь зыгъуэтам и пэр, и къурмакъейр зыкуда гуэрхэр щыIэмэ еплъ, ахэр гъэкъабзэ.



2.Фэбжь зыгъуэтар зэпэплъыхь. Лъы щIэкIыу къэпхутамэ, ар къэгъэувыIэ (18-нэ напэкIуэцIым еплъ).

3.Фэбжь зыгъуэтам укъищIэрэ укъимыщIэрэ, бауэрэ мыбауэрэ къэхутэ (еплъ 23-нэ напэкIуэцIым). УкъищIэмэ, 5-нэ пунктыр гъэзащIэ.




4.1. Сэкъат зыгъуэтар мыбауэмэ, укъимыщIэмэ, и лъыр земыкIуэмэ, дэIэпыкъуэгъу псынщIэм 103 е 112 номерымкIэ къеджэ, е Iэхэлъахэм зыгуэр щыIэмэ, абыхэм кърaджэну яжеIэ.




Гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр щIэдзэ, жьыр щыжьэдишэ бэуэгъуи 2 къэскIэ 30-рэ и бгъэчым тепкъузэу (еплъ 24-нэ напэкIуэцIым).

**Дефибриллятор щыIэмэ, ар къэгъэсэбэп (еплъ 26-нэ напэкIуэцIым).**



4.2. Фэбжь зыгъуэтам укъимыщIэмэ ауэ зэрыпсэур наIуэмэ, хуиту бэуэн папщIэ тыншу гъэгъуэлъ, и жьэпкъыр Iэти, тэмакъырм зегъэшэщI (бгъунжу бгъэгъуэлъыну Iэмал щымыIэмэ).



5. Фэбжь зыгъуэтар къызэпэплъыхьи, удын игъуэтамэ, дыркъуэ хьэлъэ телъмэ, хьэпщхупщ къеуамэ, хьэкIэкхъуэкIэ къедзэкъамэ, мафIэм исамэ, ток къеуамэ, гын Iухуамэ, зэран къыхуэхъун гуэр щыIэмэ зэгъащIэ.

6. Къэпхута щытыкIэм теухуауэ япэ дэIэпыкъуныгъэр ет.




7.Фэбжь зыгъуэтам нэхъапэIуэкIэ дохутырым хущхъуэ хуитхауэ иIэмэ, ар зрихьэлIэнымкIэ дэIэпыкъу.



8. Игъуэта сэкъатым езэгъырабгъуу гъэгъуэлъ фэбжь зиIэр (еплъ 54-нэ напэкIуэцIым).



9. ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм къеджэ, нэхъапэIуэкIэ абы зыри къемыджамэ. Абырэ адрей IуэхущIапIэхэмрэ дэIэпыкъуэгъухэр къикIыху, фэбжь зыгъуэтам и щытыкIэм кIэлъыплъ, гужьеигъуэ иумыгъахуэ. Дохутырхэр къызэрысу сэкъат зыгъуэтар абыхэм яIэрыгъэхьэ, упщIэ къыуатмэ, жэуап пыухыкIа етыж.

## 1. Насыпыншагъэр къыщыхъуа щIыпIэр къызэрапщытэ, шынагъуэ зыпылъ Iуэхугъуэхэр зэрагъэкIуэд Фэбжь зыгъуэтахэр зэрагъэIэпхъуэ щIыкIэр



**ЯпэщIыкIэ зэгъащIэ уэри фэбжь зыгъуэтами зыми шынагъуэ къызэрывимытыр. Фэбжь зыгъуэтар къыщIэх (къыщIэш) насыпыншагъэр къыщыхъуам. Абы папщIэ сэкъат зыгъуэтахэр зэрагъэIэпхъуэ щIыкIэхэм ящыщ зы къэгъэсэбэп.**

# 1.1. Фэбжь зыгъуэтар автомобилым е зылъэІэсыгъуей щІыпІэм къызэрырахыр



**Псом япэ уэ езым зыри зэран къызэрыпхуэмыхъур къэпщытэ!**

## Сытым деж фэбжь зыгъуэтар автомобилым е зылъэІэсыгъуей щІыпІэм къыщрахыр:

- и узыншагъэмрэ гъащІэмрэ шынагъуэ иІэмэ.
- фэбжь зыгъуэтар зыхуэныкъуэ дэІэпыкъуныгъэр щумытыф щытыкІэ итмэ.



И пщэр ІэкІэ щІамыІыгъэу машинэм къызэрырахыр:

- фэбжь зыгъуэтам мащІэу зрагъэгъазэри, и щІыбыр къэгъэзауэ и бгырыпхымкІэ яубыд;
- уи Іэр сэкъат зыгъуэтам и блэгущІэмкІэ щІэгъэлъади зэщІэубыдэ;
- машинэм къих.



Фэбжь зыгъуэтам и пщэгурыгъыр дэзыІыгъ Іэмэпсымэ щІэлъу машинэм къызэрырахыр:

- ищхьэІуэкІэ къедбжэкІахэр гъэзащІэ;
- фэбжь зыгъуэтам и Іэ лъэныкъуэр ІэфракІэм деж щызэфІэгъэуарэ, ар и жьэпкъым щІэгъэкъуэжауэ и щхьэр егъэубыди, уи бгъэм екъузылІэ;
- сэкъат зыгъуэтар машинэм къих.

Къипха нэужь зыри зэран къыщыхуэмыхъун щІыпІэм гъэІэпхъуэ.



**Фэбжь зыгъуэтам и пшэгурыгъым дыркъуэ игъуэтауэ хуэбгъэфащэмэ, и щхьэри пщэгурыгъри имыгъэхъеифын хуэдэу егъэубыд.**

## 1.2. Фэбжь зыгъуэтар зэрагъэIэпхъуэ хабзэхэр



ДэкIуеипIэм щыдэкIуейкIэ (фэбжь зыгъуэтар машинэм щралъхьэкIэ) фэбжь зыгъуэтам и щхьэр япэ иту кърахьэкI.



Фэбжь зыгъуэтар дэкIуеипIэм къыщрахьэхкIэ (машинэм къыщрахкIэ) и лъакъуэхэр япэ иту кърахьэкI.



Лъы куэд зыфIэкIуэда сымаджэр къыщрахьэкIкIэ, и лъакъуэр и щхьэм нэхърэ нэхъ лъагэу Iэтауэ щытын хуейщ.



Фэбжь зыгъуэтар къыщрахьэкIкIэ, япэ итым набдзэгубдзаплъэу зеплъыхь, зэран хъун и лъабжьэм щIэлъмэ, яужь итым ар жреIэ. Яужь итыр фэбжь зыгъуэтам кIэлъоплъ, къыщIэувыIэн щхьэусыгъуэ щыIэу гу лъитамэ, «КъэувыIэ! Къожь!», е «КъэувыIэ. Мэхащ!» жиIэурэ, япэ итым кърегъащIэ.

**ФЭБЖЬ ЗЫГЪУЭТАХЭР ЩАХЬКIЭ АХЭР ЗЫГЪЭIЭПХЪУЭХЭР «ЛЪАКЪУЭР ЗЭДЭУУЭ ЩIАДЗУ» КIУЭ ХЪУНУКЪЫМ!**



**Фэбжь зыгъуэтахэр нэгъуэщI машинэм е шынагъуэншэ щIыпIэ зэрагъэIэпхъуэр елъытащ абы игъуэта дыркъуэмрэ езым и щытыкIэмрэ, дэIэпыкъуэгъухэр зэрыхъу цIыху бжыгъэм, я зэфIэкIхэм.**

**а.** Фэбжь зыгъуэтар уи закъуэ бгъэIэпхъуэнумэ, мащIэу зэран зэкIа гуэр здэгъэIэпыкъу.



**б.** Сэкъат зыгъуэтам зыщIэбгъакъуэурэ зэрагъэIэпхъуэр. Жыжьэ умыгъэIэпхъуэнумэ, езыр цIыхушхуэмэ, хьэлъэмэ къагъэсэбэп. Ауэ зи лъакъуэм сэкъат игъуэтахэм папщIэ зэгъкъым.



**в.** Сэкъат зыгъуэтар уи щIыбым илъу уи закъуэ зэрагъэIэпхъуэр. МыцIыхушхуэмэ, зищIэжмэ къэбгъэсэбэп хъунущ. Фэбжь зыгъуэтам зимыщIэжмэ, мы Iэмалыр къезэгъкъым.



**г.** Фэбжь зыгъуэтар IэплIэкIэ къызэрырахьэкIыр. Мы Iэмалыр къэзыгъэсэбэп хъунур цIыху къарууфIэхэрщ. Сэкъат зиIэм зимыщIэжмэ IэмалыфIщ, ауэ зи тхыцIэр хъеям дежкIэ мы Iэмалыр хъунукъым.



**д.** Фэбжь зыгъуэтар цIыху закъуэм и дамэм телъу зэрагъэIэпхъуэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ цIыхур щагъэIэпхъуэкIэ, фэбжь зыгъуэтам и Iэ лъэныкъуэр Iыгъын хуейщ. Мы Iэмалыр къезэгъкъым зи бгъэм, кIуэцIым, тхыцIэм дыркъуэ зыгъуэтахэр бгъэIэпхъуэнумэ.



**е.** Фэбжь зыгъуэтар IиплI зэрыдзэкIэ зэрагъэIэпхъуэр. Апхуэдэм деж цIыхум Iэ лъэныкъуэмкIэ и адрей Iэпщэр еубыдри, и дэIэпыкъуэгъуми апхуэдэу ещIри, хуиту къэна Iэдий зырызымкIэ зым и адрей Iэпщэр быдэу еубыдыж.



**ж.** Апхуэдэ щIыкIэкIэ зэрыубыда IиплIым фэбжь зыгъуэтар трагъэтIысхьэри, ягъэIэпхъуэ. Фэбжь зыгъуэтар зыгъэIэпхъуэхэм я дамащхьэм зытригъащIэми хъунущ.



**з.** Фэбжь зыгъуэтар цIыхуитIым я Iищ зэрыдзэкIэ, адрей Iэр дэIэпыкъуэгъум и дамащхьэм телъу зэрагъэIэпхъуэр. Мы Iэмалыр къыщагъэсэбэпкIэ япэ дэIэпыкъуныгъэр зытитIым языхэзым и IитIыр зримыдзэу, зыр хуиту къегъанэри, адрей IэмпкIэ къыдэIэпыкъум и Iэпщэр еубыд. Хуиту къэна и Iэр къыдэIэпыкъум и дамэм трелъхьэ, фэбжь зыгъуэтам абы шэнт натIэм хуэдэу зыкIэрегъащIэри, Iэпщэ зэрыдзэм тесу ягъэIэпхъуэ. Апхуэдэу ягъэIэпхъуэр - щахькIэ мэхынкIэ хъунухэрщ.



**и.** Фэбжь зыгъуэтам и IитIымрэ лъакъуитIымкIэ цIыхуитIым зэпаIыгъыу зэрагъэIэпхъуэр. Мы IэмалымкIэ, зым фэбжь зыгъуэтам и блэгущIэмкIэ и Iэр къыщIехри, еубыд, етIуанэм лъэгуажьэ зэрытыпIэхэр еубыдри, зэпаIыгъыу ягъэIэпхъуэ.



**к.** И тхыцIэм фэбжь игъуэтауэ зыхуагъэфащэр зэрагъэIэпхъуэр. Апхуэдэхэр бгъэIэпхъуэн папщIэ цIыху зыбжанэ ухуеинущ, икIи абыхэм унафэщIу зы яхэтыпхъэщ, жиIэм псори къедаIуэу. И тхыцIэм фэбжь зыгъуэтам и щхьэмрэ пщэмрэ имыгъэхъеин хуэдэу зым и Iэпщэхэр щIэгъэкъуэну хуеубыд, унафэ зыщIым жиIэм едаIуэу, псори зэдоIэ, сымаджэр къызэдаIэтри, ягъэIэпхъуэ. Псом нэхърэ нэхъ тыншыр - апхуэдэ цIыхур захуэ, быдэ гуэрым телъу бгъэIэпхъуэнырщ.

## 2. Фэбжь зыгъуэтар зэрызэпаплъыхь щIыкIэхэмрэ лъы уэру щыщIэкIым деж ирахьэлIэ япэ дэIэпыкъуныгъэр



Фэбжь зыгъуэтамрэ уэрэ шынагъуэ гуэри зэран къызэрыфхуэмыхъунур зэгъащIэ. Медицинэ Iэлъэхэр къэгъэсэбэп, фэбжь зыгъуэтам къыпкърыкI ткIуэпсхэм защыпхъумэн папщIэ. Фэбжь зыгъуэтар къыщIэх (къыщIэш) щIыпIэ шынагъуэншэм.



Фэбжь зыгъуэтар псынщIэу (секунд зыбжанэм къриубыдэу) къызэпэплъыхь, лъыр уэру къижмэ ар къэпхутэн папщIэ.
Лъы къижмэ, ар къэгъэувыIэ нэхъ къезэгъыу къыпщыхъу Iэмалхэмкlэ.

## Лъы къижыр пIалъэкIэ къызэрагъэувыIэ Iэмалхэр:



1. УIэгъэм текъузэ.



2. Лъы къыздиж щIыпIэр щыкъузыкI. УIэгъэм салфеткэ зэкIуэлъыхьа зыбжанэ е быдэу зэкIуэцIышыхьа бинт телъхьэ. УIэгъэм ищхьэкIэ бинткIэ быдэу щыкъузыкI. УIэгъэпхым лъыр къызыпхивамэ, абы и щхьэм быдэу зэкIуэцIылъхьа салфеткэхэр телъхьи, уи IэгумкIэ уIэгъэм быдэу текъузэ.



УIэгъэм Iэпкълъэпкъым щымыщ гуэр хэуауэ хэлъмэ, ар мыхъеин хуэдэу бинтрэ пластыррэ къэбгъэсэбэпурэ егъэубыд.

## УIЭГЪЭМ ХЭУАУЭ ХЭЛЪIАМЭ, АР КЪЫХЭПХЫНКIЭ IЭМАЛ ИIЭКЪЫМ!

ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм фыкъеджэ, е зыгуэрым къриджэну елъэIу.



3. Лъыр къэзыгъэувыIэ жгут телъхьэ.

**Лъыр уэру къызэрыж Iэм е лъакъуэм жгутыр щытралъхьэр, лъыр нэгъуэщI Iэмалхэмкlэ къыщыпхуэмыгъэувыIэм дежщ.**

Жгутыр щабэ гуэрым (фэбжь зыгъуэтам и щыгъыным) телъхьэ, уIэгъэм сантиметри 5-7-кIэ ищхьэкIэ хуэзэу икIи зэрыхъукIэ абы пэгъунэгъуу.



Жгутыр къешэкIи укъуэдииж. Жгутым и япэ къешэкIыгъуэр къузи, уIэгъэм лъы къызэримыкIыжыр зэгъащIэ.



Жгутым адрей и къешэкIыгъуэхэр нэхъ щабэу къуз, зы къешэкIыгъуэм адрейр техьэрэ къызэщIиубыдэу.



Жгутым тхыи кIэщIэлъхьэ ар щытралъхьа махуэмрэ сыхьэт бжыгъэмрэ. Жгутыр уIэгъэпхкIэ е шинэкIэ щIумыхъумэ.



УIэгъэ хъуам жгутыр тралъха нэужь, ар зыгъуэта Iэр е лъакъуэр мыхъеин папщIэ, зыгуэрурэ ирагъэубыд икIи хуабэ гуэр трапхъуэ.
Гъэм и зэманым емылъытауэ, жгутыр сыхьэтитIкIэ телъ хъунущ.
А зэманыр дэкIа нэужь жгутыр тезыхын хуейр дохутырщ, щытрахри сымаджэщырщ.



## Жгутыр лъэнкIапIэмрэ Iэпщэмрэ тралъхьэ!



## Жгутыр къупщхьэ зэрытыпIэхэм, Iэблэм, куэпкъым тралъхьэркъым!

## Жгутыр телъ зэрыхъуну зэманыр икIамэ, ауэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр къэмысамэ, мыхэр зэфIэгъэкI:



1. Лъынтхуэшхуэр жгутым ищхьэкIэ уи IэпэхэмкIэ текъузи Iыгъ.
2. Жгутыр къытехи, дакъикъэ 15 хуэдизкIэ апхуэдэу щыгъэт.
3. Iэмал зэриIэкIэ и Iэ и лъакъуэхэр шытIэ.
4. Жгутыр нэхъапэм зытелъа щIыпIэм ищхьэкIэ телъхьэж.

**Лъым къижын щIидзэжарэ, IэпэкIэ зэрытепкъузэр сэбэп мыхъумэ – АСЫХЬЭТУ ЖГУТЫР ПХЭЖ!**

Лъы куэд фIэкIуэдамэ, фэбжь зыгъуэтар и лъакъуэхэр Iэтауэ гъэгъуэлъ.

## Жгут-турникетыр зэрытралъхьэр:



Лентыр быжым илъэфи, къуз, къешэкIыжи, егъэубыд.
Жгутым зэракъуз Iэмэпсымэр къуантIэ лъыр къэувыIэху.
Лъыр къэувыIа нэужь, жгутыр зэрыпкъуза Iэмэпсымэр къимыутIыпщын хуэдэу егъэубыд (инструкцэм къызэрыщыгъэлъэгъуа щIыкIэм тету).

## Жгут тэмэм щымыIэмэ, жгут-фIаIуантIэ къэгъэсэбэп:



УиIэ материалхэм (щэкIым, IэлъэщIым) къыхэщIыкIа жгут-фIаIуантIэр уIэгъэм ищхьэкIэ, и щыгъыным и щIыIумкIэ е и фэм щэкI телъхьэ, ихъуреягъкIэ къешэкIи, фIэдзапIэ иIэу пхэж.



ФIэдзапIэм баш (е абы хуэдэ гуэр) игъэлъадэ, зэрыдзапIэм и лъабжьэм хуэзэу.

Башыр бгъэкIэрахъуэурэ жгут-фIаIуантIэр къуз, лъым къижын щигъэтыху.

КъыфIэмыцIэфтыжын щхьэкIэ башыр фIэгъэбыдэ.

Жгут-фIаIуантIэри жгут тэмэмым и хабзэхэм тету тралъхьэ.

## 3. ЦIыхум укъызэрищIэр, езыр-езыру зэрыбауэр зэрызэхагъэкI хабзэр



УкъызэрищIэр зэхэбгъэкIын папщIэ, фэбжь зыгъуэтам ухуэсакъыу и плIэр гъэхъеи еупщI: «Сыт къыпщыщIар? ДэIэпыкъуэгъу ухуей?»



Зэрыбауэхэр къызэIух. Абы папщIэ зы Iэр фэбжь зыгъуэтам и натIэм телъхьэн, адрейм и IэпхъуамбитIымкIэ и жьэпкъыр къэIэтауэ и щхьэр щхьэпрыдзын хуейщ. Фэбжь зыгъуэтам и жьэмрэ и пэмрэ уи нэкIумрэ уи тхьэкIумэмрэ ехьэлIэ, и бгъэгум еплъ, бауэрэ мыбауэрэ къэплъагъун хуэдэу. И бауэкIэм едаIуэ, жьыр къызэрыжьэдихужыр уи нэкIумкIэ зыхэщIи, и бгъэчыр хъейрэ мыхъейрэ убзыху (секунди 10-м къриубыдэу).




Мыбауэмэ, уи дэIэпыкъуэгъум къалэн щыщI медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр къриджэну: «ЦIыхур бауэркъым. ДэIэпыкъуэгъу псынщIэр къеджэ. Сэ хъыбар сывгъащIэ къызэревджамкIэ».

# 4. Гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр

## 4.1. Бгъэчыр хэкъузэныр зэрырагъэкIуэкIыр



### ЩЫТРАКЪУЗЭР ЦIЫХУР БЫДЭ ГУЭРЫМ ТЕЛЪУЩ!

Уи Iэгур фэбжь зыгъуэтам и бгъэчым и кум хуэзэу телъхьэ. Уи IитIыр Iэпхъуамбэхэр зэблэдзауэ зэрыгъэубыд.



ШытIэныр егъэкIуэкI бгъэчымрэ тхымрэ зэпызыщIэ линэм захуэу урикIуэу. Текъузэныр щабэу, псынщIэу зумыгъазэу егъэкIуэкI, уи Iэпкълъэпкъым ищхьэмкIэ щыIэ Iыхьэм и хьэлъагъыр къэбгъэсэбэпурэ.




Бгъэчыр зэрыхэпкъузэну кууагъыр сантиметри 5-6 нэхърэ нэхъ мащIэн хуейкъым, зы дакъикъэм хуэзэу 100-120 нэхърэ мынэхъ мащIэрэ текъузапхъэщ.



Сабий быдзафэхэм я бгъэчым IэпитIкIэщ зэрытракъузэр. Сабий нэхъыжьхэм - зы Iэм и IэгумкIэщ.

## 4.2 ЦIыхур  къэгъэбэуэжыным хуэунэтIауэ зэрыдэIэпыкъу щIыкIэр



Фэбжь зыгъуэтам и натIэм уи Iэ лъэныкъуэр телъхьэ, адрей уи Iэм и IэпхъуамбитIымкIэ и жьэпкъыр къэIэти, и щхьэр щхьэпрыдз. Фэбжь зыгъуэтам и пэр уи Iэпхъуамбэшхуэмрэ зыгъэлъагъуэмкIэ щыубыдыкI. Жьэм уи Iупэр Iулъхи, зэрыпхузэфIэкIкIэ лъэщу тIэу и жьэм жьэдэпщэ, дэтхэнэри зы секундым къриубыдэу. Зы секунд е тIу ет фэбжь зыгъуэтам узэрыжьэдэпщар къыжьэдригъэхужыну. КIэлъыплъ, фэбжь зыгъуэтам и бгъэр, жьы щыжьэдишэкIэ дэкIуейуэ пIэрэ, къыщыжьэдригъэхужкIэ ехрэ. ЖьэдэпщэгъуитIым секунди 10 нэхъыбэ ебгъэхькъым.




**Гу зылъытапхъэ: А Iуэхугъуэхэр щевгъэкIуэкIкIэ тхьэмбылым искусственнэу жьы зэрырагъахуэ Iэмэпсымэр, «жьэ-Iэмэпсымэр-жьэ» жыхуаIэу аптечкэм хыхьэр къэвгъэсэбэпыну чэнджэщ фыдот.**

Жьыр щыжьэдишэ бауэгъуи 2 къэскIэ 30-рэ и бгъэчым текъузэнымрэ тхьэмыбылым искусственнэу жьы егъэгъуэтынымрэ зэкIэлъыгъакIуэ, реанимацэ езыгъэкIуэкI цIыхухэр дапщэ фыхъуми емылъытауэ.

## 4.3. Автоматикэ дефибриллятор къызэрагъэсэбэпыр




Iэмал щыIэххэмэ, автоматикэ дефибриллятор къэгъэсэбэп. Гум къеуэн зэрыщигъэтуи, дакъикъи 3-5 дэкIауи къэбгъэсэбэп хъунущ.



Абы папщIэ:
- ДэIэпыкъуэгъум елъэIу дефибрилляторыр къыхуихьыну.
- Гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр щIэдзэ: бгъэчыр 30-рэ тепкъуза нэужь, 2 жьэдэпщэ.
- Дефибрилляторыр къэса нэужь щIэгъани, инструкцэм зэритым хуэдэу гъэлажьэ: электродхэр бгъэгум тегъапщIэ.

**Гу зылъытапхъэ: дэIэпыкъуэгъуитI е нэхъыбэ щыIэмэ, электродхэр тебгъэпщIэху, абыхэм язызхэзым гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм пащэн хуейщ.**



- Дефибрилляторыр хьэзыр хъуа нэужь, фэбжь зыгъуэтам зыри зэрылъэмыIэсыр зэвгъащIи, кнопкэм тепIытIэ.



- Абы иужькIэ гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм пыфщэ.

- Дефибрилляторымрэ гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэмрэ зэблэфхъуурэ фэбжь зыгъуэтам дэIэпыкъуныгъэ ефт.




## Гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэр къэбгъэувыIэ хъунущ:

- дэIэпыкъуэгъу псынщIэр къэсамэ,
- фэбжь зыгъуэтар езыр-езыру къэбэуэжамэ, зыкъищIэжамэ,
- адэкIэ зыри пхуэзфIэмыкIыжу уешамэ (зыгуэр зыдэвгъэIэпыкъу),
- япэ дэIэпыкъуныгъэ зытым и гъащIэм зыгуэр зэран къыхуэхъумэ.

.

# 4.4 ЦIыхум и пэм, и къурмакъейм ар зымыгъэбауэу кIуахэр къызэрырахыж щIыкIэхэр:



**БАЛИГЪХЭМ**

Фэбжь зыгъуэтам и щIыбагъымкIэ къыдэувэ, абы и гупэмкIэ зрегъэгъэзыхи, уи IэбгъумкIэ псынщIэу 5 и блэгъукIэ зэхуакум еуэ. Зэ уеуэху къэпщытэ – и бгъэм инар къытекIыжамэ.



Ар къытемыгъэкIыжамэ, мы Iэмалыр къэгъэсэбэп: фэбжь зыгъуэтам и щIыбагъымкIэ къыдэувэ, уи IитIыр абы и бынжэм ищхьэIуэкIэ щызэрыдзи, зэуэ текъузэ. Апхуэдэурэ 5 щIы.



**ФЭБЖЬ ЗЫГЪУЭТА ЦIЫХУБЗ УЭНДЭГЪУХЭМ Е ЦIЫХУ ПШЭРХЭМ (Я НЫБЭМ ТЕПКЪУЗЭ ЗЭРЫМЫХЪУНУМ КЪЫХЭКIЫУ)!**

БлэгъукIэ зэхуакум теуIуэнымкIэ, бгъэчым и лъабжьэ IыхьэмкIэ текъузэ.



## САБИЙХЭМ

Нэщэнэхэр: Фэбжь зыгъуэтам жьы хурикъуркъым, псэлъэфыркъым, напIэзыпIэм мэущхъуэнтI, къэмэхынкIэ хъунущ. Сабийр уи Iэблэм телъхьэ и щхьэр егъэзыхауи, и блэгъукIэ зэхуакум уи IэгумкIэ 5 теуэ.
Ахэр сэбэп мыхъуамэ, сабийм и бгъэгум уи IэпхъуамбитIымкIэ 5 теуIуэ. Абы къытегъэзэж, щымыщ предметыр къыжьэдэкIыжыху




Фэбжь зыгъуэтар къэмэхамэ, медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр къеджи гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэза Iуэхугъуэхэр егъэкIуэкIын щIэдзэ. Абыхэм пыщэ медицинэ лэжьакIуэхэр къэсыху е езыр-езыру бэуэн щIидзэжыху.



И бэуэкIэр зэтеувэжа нэужь, фэбжь зыгъуэтар мыхъейуэ щылъын хуэдэу бгъукIэ гъэгъуэлъ. Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр къэсыху и бэуэкIэм зэпымыуууэ кIэлъыплъ!

# 5. Фэбжь зыгъуэтам зэрыпкърыупщІыхьымрэ къызэраплъыхьымрэ

Апхуэдэ къэпщытэкІэр ирагъэкІуэкІ, удын игъуэтамэ, емызэгъын гуэр и кІуэцІым кІуэуэ къызэІыхьамэ е нэгъуэщІ щытыкІэхэу фэбжь зыгъуэтам и гъащІэмрэ узыншагъэмрэ шынагъуэ езыт щыІэмэ къэхутэн мурадкІэ.

**Фэбжь зыгъуэтам и щхьэр къызэпэплъыхь. Ар зэрыхъукІэ сакъыу икІи ІэкІуэлъакІуэу егъэкІуэкІ!**




Фэбжь зыгъуэтам и щхьэр къызэпэплъыхь.




Фэбжь зыгъуэтам и пщэр къызэпэплъыхь.




Фэбжь зыгъуэтам и бгъэгумрэ и щІыбымрэ набдзэгубдзаплъэу икІи сакъыу къызэпэплъыхь.







Фэбжь зыгъуэтам и ныбэмрэ и шхужьымрэ къызэпэплъыхь, усакъыу, набдзэгубдзаплъэу!





Фэбжь зыгъуэтам и IитIри къызэпэплъыхь.



Апхуэдэ дыдэу къызэпэплъыхь фэбжь зыгъуэтам и лъакъуэхэри. Фэбжь зыгъуэтам и гъащIэмрэ и узыншагъэмрэ шынагъуэ езыт удынрэ нэгъуэщI щытыкIэхэмрэ къыщIэщмэ, япэ дэIэпыкъуныгъэ ет.

**ЦIыхум фэбжь игъуэтамэ, е икIэщIыпIэкIэ удэмыIэпыкъуу щымыхъуну щытыкIэ къэпхутамэ, япэ дэIэпыкъуныгъэ ет.**

## 6. УIэгъэ зыгъуэтам, температурэшхуэм, химие гыным фэбжь хэзыхам, хьэпщхупщ зэуам, хьэкIэкхъуэкIэ зэдзэкъам зэрыдэIэпыкъу щIыкIэхэр

### 6.1. УIэгъэ хъуам ират япэ дэIэпыкъуныгъэ
### 6.1.1. Щхьэм удын щигъуэтам деж ират япэ дэIэпыкъуныгъэ



Лъыр къэгъэувыIэ ар къыздижым тепкъузэу е щупхыкIыу. ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм къеджэ е зыгуэрым къриджэну елъэIу. Фэбжь зыгъуэтам и бэуэкIэм кIэлъыплъ, мэхарэ укъищIэрэ зэгъащIэ.




Фэбжь зыгъуэтам укъимыщIэмэ и гумрэ тхьэмбылымрэ я лэжьэкIэр зэтегъэувэжынымкIэ япэ дэIэпыкъуныгъэр щIэдзэ. ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм къеджэ е зыгуэрым къриджэну елъэIу.
Фэбжь зыгъуэтам и гумрэ тхьэмбылымрэ я лэжьэкIэр зэтегъэувэжынымкIэ япэ дэIэпыкъуныгъэр ет езыр-езыру къэбэуэжыху е дэIэпыкъуэгъу псынщIэр къэсыху.



И бэуэныр зэтеувэжа нэужь (е езыр тэмэму бэуэфу щытамэ), фэбжь зыгъуэтар зимыгъэхъейуэ щылъын хуэдэу бгъукIэ гъэгъуэлъ. Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр къэсыху и бэуэкIэм зэпымыууэ кIэлъыплъ!

## 6.1.2. Нэмрэ напIэхэмрэ фэбжь щагъуэтам деж япэ дэIэпыкъуныгъэ зэрыратыр



Нэмрэ напIэмрэ фIэбжь ягъуэтамэ, нитIми повязкэ тралъхьэ. Апхуэдэу умыщIэмэ, сэкъат зымыгъуэта нэр хъеиху и зэран адрейм екIынущ.

ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм къеджэ.



Фэбжь зыгъуэтам зыгуэр дэIэпыкъуурэ гъэIэпхъуэн хуейщ!

## 6.1.3. Зи пэм лъы къижым ират япэ дэӀэпыкъуныгъэр



Фэбжь зыгъуэтам и пэм лъы къыщижкӀэ гъэтӀыс, и щхьэр мащӀэу ипэкӀэ егъэший. И пэгъуанитӀыр щыубыдыкӀи, апхуэдэу дакъикъэ 15-20-кӀэ щыгъэт. Фэбжь зыгъуэтар абы щыгъуэм жьэкӀэ бэуэн хуейщ!



И пэбгым щӀыӀэ телъхьэ (бэлътоку псыф, уэс, мыл).



Фэбжь зыгъуэтам и жьэ кӀуэцӀым кӀуэ лъыр къиубжьытхыну жеӀэ (лъыр лъатэм нэсмэ, къигъэжьынкӀэ хъунущ).
Пэм къиж лъыр дакъикъэ 15-20-м къриубыдэу мыувыӀэмэ - медицинэ дэӀэпыкъуэгъу псынщӀэр къеджэ.

## 6.1.4. Зи пщэм фэбжь игъуэтам ират япэ дэӀэпыкъуныгъэр



Лынтхуэм лъы къижмэ, занщӀэу уӀэгъэм текъузэ.



ТхыцӀэм пщэм хуэзэ и Іыхьэм удын игъуэтауэ шэч пщӀымэ (щхьэкӀэ техуамэ, гъуэгу-транспорт зэжьэхэуэм хэхуамэ, фэбжь зыгъуэтам и пщэр узу жиӀэмэ), фэбжь зыгъуэтар Іэмал имыӀэу гъэӀэпхъуэн е щӀыпӀэ гугъум къишын хуеймэ, ар уи ӀэхэмкӀэ зэщӀэубыдэ.
Медицинэ дэӀэпыкъуэгъу псынщӀэр (уэ езым е абдежым кърихьэлӀахэм) къевджэ.

## 6.1.5. Зи бгъэчыр уӀэгъэ хъуам ират япэ дэӀэпыкъуныгъэр



**Нэщэнэхэр**: бгъэчым иӀэ уӀэгъэм лъы къож тхъурымбэ къищӀу, уӀэгъэмкӀэ жьыр ирешэ.
УӀэгъэм щымыщ пкъыгъуэхэр мыкӀуамэ, уӀэгъэр ӀэгукӀэ текъузи, жьы кӀуапӀэр гъэбыдэ. УӀэгъэр Ӏэпкълъэпкъым пхыкӀыу щытмэ, уӀэгъэм и хыхьэпӀэри пхыкӀыжыпӀэри гъэбыдэ.



Жьы зыкIуэцIрымыкI материалкIэ уIэгъэр гъэбыдэ (жьы мыкIуэу щIы), а материалыр фIэпхыкI е пластыркIэ гъэбыдэ.



Фэбжь зыгъуэтам «ныкъуэщыс» щытыкIэр егъэгъуэт.



УIэгъэм щIыIэ телъхьэ, щэкI кIэщIэлъхьи.

УIэгъэм зыгуэр хэуауэ хэлъмэ, ар бинт шыхьахэм я зэхуакум дегъэубыди къепхэкI, пластыркIэ е уIэгъэпхкIэ гъэбыдэ, ар мыхъеин хуэдэу.

**УIэгъэм хэлъыр Iуэхур къыщыхъуа щIыпIэм къыщыхэпхыж хъунукъым!**

Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр (уэ езым е абдеж къырихьэлIахэм) къевджэ.

## 6.1.6. Зи ныбэр уIэгъэ хъуам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр



Апхуэдэ уIэгъэхэм лъы къижмэ - текъузэ, е повязкэ телъхьэ.

**Ныбэр уIэгъэ хъуурэ къихуа и кIуэцIхэр абы иплъхьэж, быдэу щупхыкI, хэуар къыхэпхыж хъунукъым.**



Ныбэр уIэгъэ хъуурэ и кIуэцIхэр къыщихуам деж – къихуам ихъуреягъкIэ бинт шыхъа къегъэIылъэкI.



Бинт шыхъам и щIыIум хъыдан къабзэ псыф щIыи телъхьэ.
Къихуа кIуэцIым тумыкъузащэу ныбэр щIэпхэ.




УIэгъэ нэрылъагъу темылъу кIуэцIым удын игъуэтамэ - ныбэм щIыIэ телъхьэ, щIыбкIэ гъэгъуэлъи, и лъакъуэр зэфIэгъэуауэ, зэгуэлъу щытын папщIэ лъэгуажьэ лъабжьэм зыгуэр щIэдз.



Фэбжь зыгъуэтам щIыIэ хэмыхьэн папщIэ, хуабэ гуэр тепIэ, дэIэпыкъуэгъу псынщIэм къеджэ, е зыгуэр къеджэну елъэIу.

**Ныбэ фэбжь зыгъуэтахэр ягъашхэркъым икIи псы ирагъафэркъым!**

**И псыхуэлIэ ибгъэкIынумэ, и Iупэр псыф хуэщI.**

## 6.1.7. Зи Iэхэмрэ зи лъакъуэхэмрэ фэбжь ягъуэтам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр



ЯпэщIыкIэ зэгъащIэ уэри фэбжь зыгъуэтами зыми шынагъуэ къызэрымыкIуэнур, фэбжь зыгъуэтар хьы (шэ) щIыпIэ шынагъуэншэм.



Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр (уэ езым е абдеж къэрихьэлIахэм) къевджэ.
Лъы къижу къэплъагъумэ, ар къэгъэувыIэ.



Фэбжь зыгъуэтар уэ езым пхуэгъэIэпхъуэну уи гугъэмэ - къупщхьэ къутар мыхъеин щхьэкIэ шинэхэр е абдеж къыщыбгъуэт Iэмэпсымэхэр къэгъэсэбэпи, ахэр щыгъыным и щIыIумкIэ тепхэ.



## Иммобилизацэр ирагъэкIуэкI, къута щIыпIэм ищхьэкIи илъабжьэкIи щыIэ, зэпэгъунэгъу зэрытыпIитIыр мыхъеин хуэдэу япхри.



Иммобилизацэ зэращI Iэмэпсымэу (шинэу) къэбгъэсэбэп хъунущ хьэпшып захуэхэр: башхэр, пхъэбгъухэр, линейкэхэр, гъущIкIапсэ быдэхэр, картонхэр, нэгъуэщIхэри. КъапэщIэхуахэм къыхащIыкIа шинэхэм я папцIапIэхэмрэ къуапэхэмрэ техъукIын хуейщ. Шинэр тралъхьа иужькIэ уIэгъэпхкIэ е пластыркIэ ирагъэубыд. Къутар щынэрымылъагъум деж (фэм зэран хуэмыхъуауэ) шинэр щыгъыным, вакъэм и щIыIукIэ тралъхьэ.



Къупщхьэр зэрыкъутар плъагъумэ шинэр теплъхьэ хъунукъым къупщхьэ къутахуэхэр къызыхэщ щIыпIэхэм.



Шинэр и кIыхьагъкIэ (къутар здэщыIэр хэмыту) уIэгъэпхкIэ ирагъэубыд, быдэу, ауэ Iеищэу мыкъузауэ, лъым и зекIуэныр къызэтримыгъэувыIэн щхьэкIэ. Къутар лъакъуэрамэ, шинэр лъэныкъуитIымкIи тралъхьэ.



Шинэхэр е абыхэм я пIэкIэ къэбгъэсэбэп хъуну зыгуэр умыгъуэтмэ, фэбжь зыгъуэта лъакъуэр мыхъеин папщIэ ар лажьэ зимыIэ лъакъуэм, Iэр -пкъым кIэрыппхэ хъунущ.



Фэбжь зыгъуэтар мыпIыщIэн щхьэкIэ пхуэзэфIэкIхэр хуэщIэ, фошыгъу зыхэдза шейми пхъэщхьэмыщхьэпсми хуабэу куэд егъафэ.

## 6.2. Емызэгъын зыIухуам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр

### 6.2.1. Гын зыжьэдэзышам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр




Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр (уэ езым е абдеж къэрихьэлIахэм) къевджэ.
Къэхъуар къызыхэкIар убзыху (емызэгъар хъущхъуэу щытмэ, ар зэрылъар къэкIуа дохутырым ет).
Лей зытехьам укъищIэмэ, псы стэчани 5-6 егъафи, и лъатэр къегъэунэщI, и бзэгу лъэдакъэм IэпхъуамбитIкIэ текъузи. Къэжьа нэужь а Iуэхугъуэ дыдэхэр иджыри зэ щIы. Псори зэхэту лъатэр зэрагъэкъабзэ псыр литри 2,5-5 нэхърэ нэхъ мащIэу щытын хуейкъым.
Iэхэлъахэм псы къабзэ щымыIэми, ар къагъэсыху лъатэр къэгъэкъэбзэн хуейщ.



**ЦIЫХУМ УКЪИМЫЩIЭМЭ, ЛЪАТЭР БГЪЭКЪАБЗЭ ХЪУНУКЪЫМ!**

Сэкъат зыгъуэтам укъимыщIэмэ, бауэрэ мыбауэрэ зэгъащIэ.




Мыбауэмэ, укъимыщIэмэ, и лъыр земыкIуэмэ тхьэмбылымрэ гумрэ я лъэжыгъэр зэрызэтрагъэувэж япэ дэIэпыкъуныгъэр ет (еплъ 24 нап.) зыкъищIэжыху е дэIэпыкъуэгъу псынщIэр къэсыху.



Сэкъат зыгъуэтам и бэуэкIэр зэтеувэжа нэужь джабэкIэ гъэгъуэлъ. ДэIэпыкъуэгъу псынщIэр къэсыху и бэуэкIэм кIэлъыплъ!



Фэбжь зыгъуэтар гъэхуабэ, зыгуэр тепIэ.

## 6.2.2. Гыныр и жьэмкIэ зыIухуам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр



Уэри фэбжь зыгъуэтами зыми шынагъуэ къызэрывимытыр зэгъащIэ, фэбжь зыгъуэтар шынагъуэншэ щIыпIэм хьы е щхьэгъубжэр Iух, унэм жьы къабзэ щIегъахуэ.

**Угарнэ газым и зэран къызэрекIам и нэщэнэхэр: и нэхэр щIесыкI, и тхьэкIумэхэр мэву, и щхьэр мэуз, и къэжьын къокIуэ, мэмэх, и щIыфэр плъыжь мэхъу.**

**Унагъуэхэм къыщагъэсэбэп газым и зэран къызэрекIам и нэщэнэхэр: и щхьэр хьэлъэщ, и щхьэр мэуназэ, и тхьэкIумэхэр мэву, и къэжьын къокIуэ; и IэпкълъэпкъыIр зэуэ щIолIэ, и гур псынщIэIуэу къоуэ; жейм иIыгъщ, мэмэх, гъутхьэпс къыIэщIокI, и фэр покI (мэущхъуэнтI), хьэлъэу мэбауэ, хуэш къыхохьэ.**




Зэрыпсэур къозыгъащIэ нэщэнэхэр думылъагъумэ, гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм щIэдзэ. Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр (уэ езым е абдеж кърихьэлIахэм) къевджэ.

Езыр-езыру бэуэныр зэтеувэжыху е медицинэ лэжьакIуэхэр къэсыху гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэза Iуэхугъуэхэр егъэкIуэкI.



И бэуэкIэр зэтеувэжа нэужь, (е езыр бауэу щытамэ), фэбжь зыгъуэтар мыхъейуэ щылъын хуэдэу бгъукIэ гъэгъуэлъ.
Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр къэсыху и бэуэкIэм зэпымыууэ кIэлъыплъ.

## 6.2.3. Зи нэхэм фэбжь ягъуэтам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр




Нэхэр химиехэкIхэм щIасыкIамэ, е щымыщ пкъыгъуэр щIэхуамэ ухуэсакъыу Iэпэхэмкlэ напIэхэр зэтех, псы къабзэкIэ быдэу щIэтхьэщIыкI (унэм и температурэр иIыгъмэ нэхъыфIщ). Нэхэр щIэтхьэщIыкI, псыр нэм къыщежьэу нэзэрыхъэмкIэ ежэхыжу.



НитIри щыпхыкI (тIури щумыпхыкIмэ, и нэ узыншэр щигъэупIэрапIэкIэ фэбжь зыгъуэтари хъеинурэ узынущ).

Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр (уэ езым е абдеж кърихьэлIахэм) къевджэ.



Фэбжь зыгъуэтар зэрызекIуапхъэр и гъусэм и Iэр иIыгъыущ!

## 6.3. МафIэм исам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр



ЗэгъащIэ уэ зыгуэр къыпщыщIынкIэ шынагъуэ зэрыщымыIэр.
Фэбжь зыгъуэтар къэгъэувыIэ. Ар щIым гъэгъуэлъ.



МафIэ зыщIэна и щыгъыныр сыт хуэдэ IэмалкIи гъэункIыфI (псалъэм папщIэ, цIыхур щIэхъумэ мафIэм имыс щэкIкIэ).



МафIэм иса щIыпIэм дакъикъэ 20-м къриубыдэу псы щIыIэ тепкIэурэ гъэупщIыIу.




Псыбыб хъуахэр къыумыгъэкI. УIэгъэм щымыщ предметхэмрэ кIэрыпщIа щыгъынымрэ къытумых! МафIэм иса щIыпIэм уIэгъэпх къабзэ телъхьэ, абы ищхьэжкIэ щIыIэ телъхьэ. Псы куэду егъафэ.




Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр (уэ езым е абдеж кърихьэлIахэм) къевджэ.

# 6.4. Хуабэм (дыгъэм) я зэран зэкIам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр



Хуабэм (дыгъэм) я зэран зэрекIам и нэщэнэхэр (цIыхум и Iэпкълъэпкъым и температурэр лъагэщ, и фэр пыкIащ икIи къэпщIэнтIащ, и щхьэр мэуз, и къэжьын къокIуэ, и щхьэр мэуназэ, и Iэпкълъэпкъыр щIолIэ, къэмэхыфынущ, хуэш къыхохьэ, и гур псынщIэу къоуэ, бауэкIэщIыщ) щыдэплъагъум деж фэбжь зыгъуэтар жьы къабзэ здэщыIэ щIыпIэ щIыIэтыIэм (жьауапIэм, щхьэгъубжэ Iухам) шэ (хьы).




Фэбжь зыгъуэтар зэрыпсэур наIуэу къозыгъащIэ щытыкIэхэр щымыIэмэ, гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм щIэдзэ.

Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр (уэ езым е абдеж кърихьэлIахэм) къевджэ.



Езыр-езыру бэуэн щIидзэжыху е медицинэ лэжьакIуэхэр къэсыху гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэза Iуэхугъуэхэр егъэкIуэкI.



Щхьэм, пщэм, щахэм псы щIыIэ зыщIэгъэжа напэIэлъэщI (салфеткэ) телъхьэ.



Техьэгъуэ щиIэм и деж хуабэм и зэран зэкIам и щхьэмрэ и пкъымрэ Iыгъ, фэбжьхэм щыпхъумэу.




Фэбжь зыгъуэтам зыкъищIэжа нэужь, ар псы щIыIэ егъафэ.

# 6.5. ЩIыIэм и зэран зэкIам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр



Фэбжь зыгъуэтар унэ хуабэм щIэхьэ.



ЩIыIэм иса Iэпкълъэпкъым щыщ щIыпIэхэр зыгъэхуэбэжын гуэрхэмкIэ щIэуфэ. Iэпкълъэпкъым щыщу щIыIэм исахэр уепIэщIэкIыу бгъэхуабэ хъунукъым. Хуабэр и кIуэцIымкIэ къыщежьапхъэщ, лъым и зекIуэкIэр зэрызэфIэувэжым къыдэкIуэу.



**ЩIыIэм иса щIыпIэхэм псынщIэу бгъэхуэбэж (псалъэм папщIэ, псы пщтырым хэплъхьэ), пIуэт, пшытIэ, зыгуэр щыпхуэ хъунукъым!**

Фэбжь зыгъуэтар щIэуфэ, хуей хъумэ, щыгъын гъущэ хущIытIагъэ.



Шей, пхъэщхьэмыщхьэпс IэфIу, пщтыру зэрыхъукIэ нэхъыбэ егъафэ. Ерыскъы пщтыр егъэшх.

**ФадэхэкI къэбгъэсэбэп хъунукъым!**

Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр (уэ езым е абдеж кърихьэлIахэм) къевджэ.

## 6.6. Зи Iэпкълъэпкъыр зэрыщыту пIыщIам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр



Фэбжь зыгъуэтар пэш хуабэ щIэхьэ, е гъэхуэбэж (фэбжь зыгъуэтам (къезыгъэл) щащыху тепхъуэ, щыгъын хуабэ щегъэтIагъэ).
Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр (уэ езым е абдеж кърихьэлIахэм) къевджэ.



Фэбжь зыгъуэтам укъищIэмэ, шей, пхъэщхьэмыщхьэпс IэфI пщтыру егъафэ.

Ерыскъы пщтыр егъэшх.

**ФадэхэкI къэбгъэсэбэп хъунукъым!**

## 6.7. Электрическэ ток зэуам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр



112 IуэхущIапIэм псалъи, дэIэпыкъуэгъум къеджэ.
Уи шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщ.
Ток зэуам занщIэу уемыIусэ, сыту жыпIэмэ, абы иджыри электрокъарур пкъырытынкIэ мэхъу.
Iэмал уиIэмэ, токыр къэзытыр гъэункIыфI. Ар къызэрыгуэкI токмэ, электросчетчикыр зэрагъэункIыфIымкIэ пхуэгъэункIыфIынущ.
Насыпыншагъэр къыщыхъуар IуэхущIапIэмэ, токышхуэ къызэкIуалIэ унэмэ, къезыгъэлхэр къэсыху упэплъэн хуейщ.
Фэбжь зыгъуэтам щIым утету гъунэгъу ущыхуэхъукIэ, цIыкIуу убакъуэурэ бгъэдыхьэ.



Фэбжь зыгъуэтам телъ кIапсэр ток зыкIуэцIрымыкI Iэмэпсымэк Iэ (башкIэ, пластиккIэ) къытедз. Фэбжь зыгъуэтам и щыгъыныр убыди, Iулъэф токыр щIым щеIусэм е токым пыщIа Iэмэпсымэм метри 10 нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ пэIэщIэу.



Бауэрэ мыбауэрэ къащIэ.




Зэрыпсэур къозыгъащIэ нэщэнэхэр думылъагъумэ, гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэзауэ ирагъэкIуэкI Iуэхугъуэхэм щIэдзэ (еплъ 15-21-нэ нап.).

Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр (уэ езым е абдеж къэрихьэлIахэм) къевджэ.

Езыр-езыру бэуэныр зэтеувэжыху е медицинэ лэжьакIуэхэр къэсыху гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэза Iуэхугъуэхэр егъэкIуэкI.



И бэуэкIэр зэтеувэжа нэужь, (е езыр бауэу щытамэ), фэбжь зыгъуэтар мыхъейуэ щылъын хуэдэу бгъукIэ гъэгъуэлъ. Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр къэсыху и бэуэкIэм зэпымыууэ кIэлъыплъ!

## 6.8. Щхъухьзехьэ блэ зэуамрэ псэущхьэ зэдзэкъамрэ ират япэ дэIэпыкъуныгъэр

### 6.8.1. Блэ зэуам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр



Фэбжь зыгъуэтам блэ зэдзэкъа и щIыпIэр имыгъэхъеиныр къызэгъэпэщ.
И лъакъуэм къедзэкъамэ, ар адрей и лъакъуэм бинткIэ епх.



И Iэм къедзэкъамэ, а и Iэр зэфIэгъэщIауэ и бгъэгум епх. ДзэкъапIэм щIыIэ телъхьэ.




Зэрыпсэур къозыгъащIэ нэщэнэхэр думылъагъумэ, гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэза Iуэхугъуэхэм щIэдзэ (еплъ 15-21-нэ нап.).

Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр (уэ езым е абдеж кърихьэлIахэм) къевджэ.

Езыр-езыру бэуэныр зэтеувэжыху е медицинэ лэжьакIуэхэр къэсыху гумрэ тхьэмбылымрэ тэмэму лэжьэным хуэгъэза Iуэхугъуэхэр егъэкIуэкI.



И бэуэкIэр зэтеувэжа нэужь, (е езыр бауэу щытамэ), фэбжь зыгъуэтар мыхъейуэ щылъын хуэдэу бгъукIэ гъэгъуэлъ. Медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр къэсыху и бэуэкIэм зэпымыууэ кIэлъыплъ.

## 6.8.2. Гъудэ-бадзэхэр зэдзэкъам ират япэ дэIэпыкъуныгъэр



Гъудэ-бадзэхэр къыщедзэкъам деж шэрэзыр уIэгъэм къыхэчыж.




ДзэкъапIэм щIыIэ телъхьэ.

**АЛЛЕРГИЕ КЪРИТАМЭ, ДОХУТЫРЫМ ЗЫХУЭВГЪАЗЭ.**

Дохутырыр къэсыхукIэ сымаджэм и щытыкIэм кIэлъыплъ.

## 6.9. Къэмэхам ират япэ дэІэпыкъуныгъэр



**Нэщэнэхэр:** фагъуэу щытщ, зэуэзэпсу къэмэхыу зикъищІэжынкІэ хъунущ.

Фэбжь зыгъуэтар мыхъейуэ щылъын хуэдэу бгъукІэ гъэгъуэлъ, и галстукыр къэгъэлалэ, щІыІутелъ щыгъыным и пщэ тІатэ, вакъэр лъых, жьы къабзэ къыІурихуэныр къыхуэзэгъэпэщ.




Дакъикъи 3-5-м къриубыдэу зыкъимыщІэжмэ, медицинэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэр (уэ езым е абдеж кърихьэлІахэм) къевджэ.

**АПХУЭДЭУ ЗЭ КЪЫЗЫЩЫЩІАМ ДОХУТЫРЫМ ЗЫХУИГЪЭЗЭН ХУЕЙЩ КЪЫКІЭЛЪЫПЛЪУ КЪЫЩІЭМЭХАМ И ЩХЬЭУСЫГЪУЭР ЗЭХИГЪЭКІЫН ПАПЩІЭ.**

## 6.10. Гууз техьэгъуэр къызыщыхьам ират япэ дэІэпыкъуныгъэр



**Нэщэнэхэр:** и бгъэчыр къоуз, и плІэ сэмэгум ищхьэкІэ щыхэкІыжу, «ажалым щышынэ» жыхуаІэ щытыкІэм хуэдэм итщ, и гур псынщІэу къеуэу, бауэкІэщІ хъууэ.

Гуузыр къызыщыхьам укъищІэмэ, жьы къабзэ къыІурихуэныр къызэгъэпэщ, и щыгъын къэзыкъузыр хуэтІатэ, зэрыфІэтыншым хуэдэу гъэгъуэлъ е гъэтІыс. И щхьэмрэ Іэпкълъэпкъымрэ дыркъуэ ямыгъуэтын хуэдэу уи куэщІым игъэгъуалъхьи, и щхьэр Іыгъ.



Техьэгъуэр щхьэщыкIа нэужь, сымаджэр мэхынкIэ хъунущ.

ДжабэкIэ гъэгъуэлъи медицинэ дэIэпыкъуэгъу псынщIэр (уэ езым е абдеж кърихьэлIахэм) къевджэ.

**Дауэ мыхъуами, гуузыр къызыщыхьам дохутыр къегъэплъын хуейщ.**

## 7. Фэбжь зыгъуэтам нэхъапэIуэкIэ дохутырым хущхъуэ хуитхауэ иIэмэ, ар зрихьэлIэнымкIэ дэIэпыкъу.




Языныкъуэхэм деж фэбжь зыгъуэтар нэхъри къызэIыхьэнкIэ мэхъу узыфэ къыдекIуэкIхэм я зэранкIэ. Апхуэдэхэм деж, фэбжь зыгъуэтам нэхъапэIуэкIэ дохутырым хуитхауэ, сытым дежи зрихьэлIэ хущхъуэ иIыгъмэ, ар зрихьэлIэнымкIэ дэIэпыкъун хуейщ.

Япэ дэIэпыкъуныгъэр щептым деж (абы укъищIэмэ) еупщI уз къыдэгъуэгурыкIуэ иIэмэ (псалъэм папщIэ, фошыгъу уз, лъы дэуей/ехуэх, н.къ.), икIи абы и хущхъуэ зэпымычу зрихьэлIэу иIэмэ.

И щытыкIэмкIэ пкърыупщIыхь фэбжь зыгъуэтам (и уз къыдекIуэкIым теухуауэ), асыхьэту и хущхъуэм хуэныкъуэмэ къащIэ.

Хущхъуэ иIыгъмэ, егъафэ.

ДэIэпыкъуэгъу псынщIэм къеджэ е зыгуэрым къриджэну елъэIу.

Фэбжь зыгъуэтам и щытыкIэм кIэлъыплъ.

# 8. Фэбжь зыгъуэтам и Іэпкълъэпкъыр нэхъ зыгъэтыншыну щытыкІэ къыхузэгъэпэщыныр



### Мыхъейуэ щылъын хуэдэу бгъукІэ гъэгъуэлъ:

- Къэмэхамэ.
- ЩІэх-щІэхыурэ къэжьмэ.
- И щІыбымрэ пхэщІыщхьэмрэ мафІэм исамэ.



### ЩІыбкІэ гъэгъуэлъ, и лъакъуэхэр къэІэтауэ икІи и лъэгуажьэхэр къэгъэшауэ:

- Ныбэм фэбжь игъуэтамэ.
- Лъы куэд фІэкІуэдамэ е и кІуэцІым лъы илъадэу шэч хуащІамэ.



### ГъэтІыс е ныкъуэзэфІэсу щыгъэс:

- Бгъэчым дыркъуэ игъуэтамэ



**Зи лъабжьэр быдэ икIи захуэ гуэрым тегъэгъуалъхьэ:**

- И тхым сэкъат игъуэтауэ шэч хуащIмэ.

## 9. Фэбжь зыгъуэтам гужьеигъуэр зэрыдаIыгъыр

Фэбжь зыгъуэтам гужьеигъуэр зэрыдаIыгъыр гу зылъытапхъэ щхьэхуэмкIэ джы е ди сайтым зыщыщыгъэгъуазэ.

@ФГБУ ЦЭПП МЧС РОССИИ